# ТАСВИРИЙ САЪНАТ

## QARAQALPAQ MILLIY QOSIQLARINIŃ IZERTLENIWI HÁM RAWAJLANIW BAĞDARLARI

***Omarova A.Q.***
*Ájiniyaz atındagı Nókis Mámleketlik Pedagogikalıq Institutı*
*"Muzıkalıq tàlim" kafedrası assistent oqıtıwshısı*

**Tayanch so'zlar:** qo'shiq, musiqa, pedagogika, san'at, psixologiya, cholg'u asboblari, janr.
**Ключевые слова:** песня, музыка, педагогика, искусство, психология, музыкальные инструменты, жанр.
**Key words:** spoon, music, pedagogy, art, psychology, musical instruments, genre.

Hárbir mámlekette óz xalqınıń milliyligin, ózine tánligin kórsetip turıwshı kórkem óneri, muzika ónerine xalıq qosıqlarına iye boladı. Qosıqlardağı shertilgen hárqıylı namalar, ırğaqlar usı qosıq ushın arnalıp jazılğan tekstler mine usılar qatarına kiredi. Bular sol xalıqtıń milliy saz ásbapları menen atqarılsa ondağı ózine tánlik ózgeshelik, milliylik artadı.

Qaraqalpaq xalıqı ruwxıy miyrasında milliy muzika dástúrleriniń jaslar tárbiyasınıń mánawiy qáliplesiwindegi tutqan ornı ayrıqsha áhmiyetke iye. Muzika tálimi processı dáwirinde, oqıwshılardı gózzallıqtı seze alatuğın, milliy muzikağa miyrim hám háwesi menen atqaratuğın yamasa tıńlaytuğın, milliy muzika miyrasımızğa iyelik etiwshi hám de dawam ettiriwshi bárkamal insanlar etip tárbiyalaw tiykarğı maqset etip qoyıladı. Ásirese, demokratiyalıq jámiyet qurıwımızda, sol jámiyetti rawajlandırıwshı jas áwladtı salamat, bilimli ásirese, milliy mánawiy sezimleri bekkem insanlar etip tárbiyalaw máseleleri aktual orında turadı. Muzika tálimi arqalı oqıwshılardıń milliy mánawiy sezimlerin qáliplestiriw házirgi kúnde aktual máselelerden biri. Sebebi, ğárezsizlikke erisken taza eldıń ideologiyası sayızlaw boladı, sonıń ushın da xalıqtı mánawiy jaqtan, ideologiyalıq tárepten tarbiyalap, qáliplestirip barıw tálim sistemalılıq diziminiń eń aktual máseleleri dep sanaymız.

Qaraqalpaq xalqı uzaq ótmish, ótken dáwirlerde de tálim-tárbiya menen shuğıllanğan. Qaraqalpaq xalqı uzaq túnlerdi tańlarğa atırğan keshelerde muzika

atqarıwshıları xalıq tariyxınan sóz ashıp, eldıń qayǵı hásiretlerin qosıqlarǵa túsirip jırlap, mánawiy dástanlardı atqarıp, jaslarǵa tárbiyalıq sabaq bergen. Bul tárbiyalıq áhmiyetke iye bolǵan jıyınlardı xalıq qaharmanları ushın kúshlerine kúsh qosılatuǵın nasiyatlı terme-tolǵawlar arqalı ruwxıy mádet berip kelgen. Xalıq bul atqarıwshı qosıq-jırları arqalı óz táshwishin umıtqan, hám ruwxıy medet bergen. Qaraqalpaq xalıqı uzaq ótmishi dawamında óz muzika mádeniyatına, tariyxına, ustaz-shákirt dástúrlerine, óz milliylik sezimlerine iye bolıp kiyatırǵan el sanaladı.

Kitap, jazıw, sızıw qáliplespegen waqıtlarda xalıq qosıqları, dástanlar, termeler jámiyet ushın ózine say sabaqlıq, kitap hám mektep wazıypasın atqarǵan. Qaraqalpaq oyshılları el gezip milliy mánawiy ustaz-shákirt dástúrin islegen jıraw baqsılar - Sıpıra jıraw, Jiyen jıraw, Ajiniyaz, Berdaq usaǵan shayırlaımızdıń milliy muzika mádeniyatın bayıtıwda óz dóretiwshiligi menen xızmet etkenligin aytadı. Házirgi kúnde de qaraqalpaq xalıq qosıqların mámleketler arasında esitkenimizde shet eldegi doslarımız bunday xalıqımızdıń usınday muzikaları, saz asbapları, kiyimi, dástúrleri menen tanısadı. Biz de olardıń bunday oylap atırǵanlıǵın sezip ózimizde usı xalıq biz dep, maqtanısh etemiz, Ana Watan sezimlerin júregimizde jáne de tereń orın alǵanlıǵın sezemiz, kewilimiz ósedi. Bunı tek biz emes, bálki keleshek jaslarımızda, óz jureginde seze aladı. Muzika millet sezimlerin ózindegi bay intonaciya múmkinshiliklerdi, sezimler bayanatın dawıslar arqalı, obrazlı etip túsindiredi. Áne sol áhmiyeti menen bul iskusstvonıń obrazlardı súwretlewshi, táriplewshi basqa túrleri - suwretlew óneri, músinshilik, kinodan ózgeshe. Milliy muzikalıq dástúrler – xalıqtıń janlı dawısı, onıń tariyxı, miyneti, turmısı, ómiri, qayǵısı hám de quwanıshları sıńǵırlaǵan jılnaması. Bul dástúrlerdi hár bir áwlad ózinen aldıńgı áwladlarınan esitip, bayıtıp, búgingi kúnge alıp kelgen hám de ruwxıy miyras sıpatında keleshekke jetkerip kelmekte. Bul muzikalıq miyras, dástúrler hám olarda atqarılıwshı ideyalar xalıqtı birlestiriwshi, turli xalıqlardı ózara jaqınlastırıwshı, sonıńday, Ózbekistan Respublikası ǵárezsizligin bekkemlewge baǵdarlawshı qúdiretli kúshke aylanıwı mumkin. Tárbiyanı oqıwshı-balalarǵa tezirek hám tereńrek sińdirip barıwı ushın hámme pánler de xızmet etiwi belgili, biraq, muzika tárbiyası balalarǵa, oqıwshı-jaslarǵa emocional tásir kórsetedi hám oqıwshılar muzikanı tezirek qabıl etedi.

Tiykarında ruwxıy-etikalıq pazıyletlerin qáliplestiriw zárúrshiligin keltirip shıǵarıp atır. Respublikamızda hár bir aymaqtıń kórkem óneri hám mádeniyatı, atap aytqanda, muzika mádeniyatı, úrp-ádet hám dástúrleri, kórkem dástúrlerin úgit-násiyatlaw, milliy mártebe kórkem óner sırların jaslar sanasına sıńırıw máselelerine ayrıqsha itibar berilip atır. Atap aytqanda, "Xalıq aralıq baqsıshılıq kórkem óneri festivalini ótkeriw haqqında" ǵı PQ-3990-san qararında "Ózbek

milliy baqsıshılıq hám dástanshılıq kórkem óneriniń kem ushraytuǵın úlgilerin saqlap - álpeshlew hám rawajlandırıw, onı keńnen úgit-násiyatlaw, keleshek áwlad kewilinde bul kórkem óner túrine húrmet hám itibar sezimlerin kúsheytiw, túrli xalıqlar ortasındaǵı doslıq hám biradarlıq sabaqların bekkemlew, dóretiwshilik sheriklik, materiallıq - ruwxıy munasábetler sheńberin xalıq aralıq kólemde jáne de keńeytiw” sıyaqlı aktual wazıypalar belgilengen.

Dúnya kóleminde tálim, pán, mádeniyat hám informaciya salasındaǵı regionlıq, sumativ sheriklikti kóteriw máseleleriniń júzege keliwi sebepli jámiyet hám mámleket ómiriniń barlıq tarawların izbe-iz hám turaqlı rawajlandırıwǵa tiyisli ilimiy izertlewler alıp barılmaqta. Bul óz gezeginde aldıńǵı shet el tájiriybelerge súyene otirip muzika kórkem óneri rawajlanıwın pán hám texnologiya jetiskenlikleri menen sáykes tárzde ilimiy analiz qılıw, oqıwshı -jaslardıń dóretiwshiligin rawajlandırıw, strategiyalıq joybarlaw menen baylanıslı kónlikpe-ilmiy tájriybelerin qaraqalpaq xalqınıń milliy baqsıshılıq kórkem óneri arqalı kórkem óner hám tárbiya integraciyası

Qosıqlar Qaraqalpaq muzika kórkem-ónerinde keń rawajlanǵan belgili janrlardıń biri bolıp esaplanadı. Xalıq óziniń siyasiy turmıs tirishiligi menen ruwxiyatın, sana hám psixologiyasın ózinde sińdirgen tariyxıy waqıyalarǵa bay.

Qosıq adamlardı hadal miynet, shın doslıq, bekkem muhabbat qaharmanlıqqa ruwxlandırıp, estetikalıq zawıqqa bólep keledi. Olar jalpı xalıqtıń túsinigine, oylarına say bolıp, adamlar qosıq, saz arqalı ózleriniń quwanıshın, shadlıǵın, muń-sherin, arzıw, árman-niyetlerin bildirip otırdı. Óytkeni, sóz benen jetkere almaytuǵın názik oylardı saz arqalı beriw anaǵurlım ońay hám tásirli bolatuǵınlıǵı hámmege málim. Sonlıqtan, xalıq qosıqları ózi dóretken xalıqtıń turmıs tirishiligi menen birge rawajlanıp keledi. Qaraqalpaq xalıq qosıqları Orta Aziyanıń basqa xalıqlarınday nota, jazıwı bolmaǵanlıqtan áwladtan-áwladqa, atadan-balaǵa degendey, shákirtler ustaz quwıp biziń zamanımızǵa jetip keldi. Olardı ásirler boyı xalıqtıń esinde saqlap kiyatırǵan muzika baylıǵınıń dóretiwshileri, saqlawshıları, qosıqshılar basqa da xalıq tvorchestvosiniń wákilleri boldı. Xalıqta hár qıylı dárejedegi talant iyeleriniń dóretpeleriniń eń hasılı ǵana saqlanıp, kórkemliligi tómen dóretpelerdiń kóbinese qatarǵa erip júre almay tez umitilip ketkenligi málim. Sebebi, dóretpeniń ideyalıq mazmunın xalıq massasınıń aqıl-oyı, arzıw-ármanları menen sabaqlas bolǵanları ǵana esinde qalǵan. Qaraqalpaq xalqı óziniń awızeki tvorchestvosına, sonıń ishinde qosıqlardıń álwan túrlerine oǵada bay. Olar xalıqtıń ásirler boyı júreginde saqlanıp kiyatırǵan oyların, júrek sherin hám keypin ańlatiw menen birge tereń tariyxıy dereklerge iye. Xalıq óziniń ishki sezimlerin tek nama arqalı ǵana emes, nama menen teksttiń birlespesi bolǵan

qosıq arqalı hár tárepleme jetkerip bere aladı. Miynetkesh xalıq óziniń qosıq dóretpesinde turmıs haqıyqatlıǵın real bayan etken.

Eldiń búlginshilikke ushırap, 5 mártebe kóship qonıwına qaramastan, óziniń dóretpesin qádirlep saqlay biledi. Ol hár qanday qıyınshılıq jaǵdaylarda da xalıqtıń ruwxiy baylıǵı bolıp xizmet etti. Sonlıqtan, xalıq óziniń kórkem ónerin tek kewil kóteriw ushın ǵana emes, al sonıń menen birge azatlıq, ǵárezsizlik, hadal miynet hám jaqsı turmıs ushın gúresinde ótkir qural sıpatında paydalandı. Qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń tematikası hár qıylı bolıwı onıń muzikalıq janrı jaǵınan hár táreplemeligi menen tıǵız baylanısta rawajlanıp keledi. Hár bir qosıq óziniń poetikalıq teksti hám melodiya ekewiniń birlespesi bolǵan - nama arqalı organıqalıq bekkem baylanısta dúziledi. Hár bir qosıqtıń teksti menen melodiyası teńdey bahaǵa iye bolıp bir maqsetti orınlawga biyimlengen.

Qaraqalpaq xalıq namalarınıń muzikalıq jaqtan analizlew isine ózbek muzika izertlewshisi I.Akbarov óziniń Qaraqalpaq xalıq namaları toplamına jazǵan alǵı sózinde bir qatar pikirler aytadı. Ol qaraqalpaq xalıq namaların qosıqlar hám dástanlar dep eki toparǵa bóledi, sonday-aq, qaraqalpaq xalıq namalarınıń ózgeshelikleri, onıń melodiyalıq, ritmikalıq qurılısları hám onıń basqa xalıqlardıń muzikası menen baylanısı haqqında bir qansha bahalı pikirler keltiredi.

Xalıq namalarınıń V.Shafrannikov tárepinen tayarlangan "Karakalpakskie narodnie pesni" toplamında qaraqalpaq xalqınıń qosıqların belgili bir sistemaǵa salıp, olardı bir qansha tipke bóledi: lirikalıq, epikalıq, tariyxıy, sociallıq procest, oyın-kúlki hám sazlar t.b. V. Shafrannikov qosıqlardı usılayınsha tiplerge bóliwdi qosıq tekstiniń mazmunına qaray bólmey, namasınıń xarakterine qaray bóliwge háreket etken. Qaraqalpaq muzika izertlew jumısında bulay etip tiplerge bóliw kompozitor V.Shafrannikov tárepinen islengen dáslepki baslama boldı. Biraq, tilekke qarsı qaraqalpaq xalqı arasında keń taralıp, súyikli dóretpesi bolǵan salt-dástúr qosıqları buǵan kiritilmegen.

Qaraqalpaq xalıq qosıqların janrlıq jaqtan bóliwdi aldı menen xalıq muzikasınıń atqarıwshılarınıń, baqsı, jiraw, sazende, qıssaxan, qosıqshı t.b. bolıp bóliniwlerine qaray onı xalıq qosıqları hám qaraqalpaq xalıq kompozitorlarınıń dóretpeleri de eki úlken toparǵa bóliw zárúrligin izertlew juwmaqlarımız anıq kórsetedi. Xalıq qosıqlarınıń: miynet, tariyxıy, Watan hám Watandı súyiw, dástúr-salt (besik jiri, háwjar, yaramazan, joqlaw, sıńsıw), muhabbat qosıqları, qızlar qosıqları, dinge baylanıslı qosıqlar t.b. bir qansha túrleri ushırasadı. Olar keń xalıq massasınıń atqarıwına ılayıq bolıp, atqarıwshıdan awız eki professional muzikası sıyaqlı ayrıqsha qánigelikti talap etpeydi. Xalıq qosıqların qosıq aytiwga uqıbı bir qálegen adam atqara beriwi múmkin. Xalıq qosıqlarınıń tekstide, namasida

qıynaǵan turmıstan dóregen kollektivtiń miyneti, onı dóretiwshi de, atqarıwshı da xalıq.

Qaraqalpaq milliy qosıqlar ilimpazlar tárepinen arnawlı túrde, sonday-aq ulıwma folklordı klassifikaciya etkende hár túrli kriteriyanı kózde tuta otırıp belgili dárejede klassifikaciya etildi. Folklordıń janrların sóz etkende onıń eń qıyını onı janrlıq jaqtan klassifikaciyalaw. Folkloristika ilimi ádebiyattanıy ilimininiń ulıwma kórkem sóz ónerin úsh túrge bálgen kriteriyasın qabıl etedi, yaǵnıy janrdı sóz etiwde eń dáslep olardı túrlerge bólıp qaraydı. “Túr” ge epika, lirika hám drama kiretin bolsa usı úsh túr negizinde kórkem sóz ónerininiń barlıǵına tuwrı keledi, yaki bolmasa kórkem ónerdiń túrlerin bólistiriwde belgili dárejede durıs baǵdar beredi desek boladı. Usı úsh túr folklorǵa da tuwrı kelgeni menen ádebiyattanıw iliminen basqasha janrǵa bóliniwine kelgende folkloristika ilimi pútkilley ózgeshelenedi. Ádebiyatta shıǵarma jeke adamnıń dóretpesi bolsa, folklorda shıǵarma qollektivtiń dóretpesi, dáslep jeke adam tárepinen shıǵarılǵanı menen sonıń ala qollektiv tárepinen qabıl etilip qollektiv dóretpesine aylanǵan. Folklordı janrǵa bólistiriwde usı úsh túrge bólip qaraw durıs baǵdar beredi dep folkloristika ilimininiń belgili teoretikleri V.Ya.Propp, V.E.Gusev, B.N.Putilovlar qabıl etip usı tiykarda rus folklorınıń janrları boyınsha jumıs alıp baradı. Iskusstvonıń barlıq túri usı úsh túrge bólingeni menen folklordıń áyemnen kiyatırǵan ádebiyattan hám iskusstvonıń basqa túrlerinen ózgesheligi “sóz”, “saz”, “hároket”, yaǵnıy sinkretizmge qurılǵanı, muzıka, háreket, saz folklordaǵı kórinisi hár túrli ekenliginen derek beredi. Folklordı túrge bolistiriw, tarawǵa, janrǵa bólistiriw ózinshe, ádebiyattan basqasha, ádebiyatka qollanılǵan kriteriyanıń buǵan tuwrı kelmeytuǵınlıǵın aytqımız keledi.

Milliy qosıqlar haqqında dúnya folkloristika iliminde, sonday-aq bizge jaqın ózbek, qazaq, turkmen, qırǵız folkloristika iliminde az jumıs islenbedi. Biraq, búgingi kúnge shekem ilimpazlar bul tarawda belgili bir janrdıń anıqlamasın berip, belgili bir sheshimge kelgen joq. Xalıq qosıqlarınıń dóretiliwi, jasawı, improvizaciya hám tradiciyası, poetikası onıń atqarıwshıları menen alıp júriwshileri, onı dóretiwshiler menen xalıq arasında jasaw jaǵdayı revolyuciyaǵa shekemgi dáwirde, yaki bunnan sońǵı tariyxıy, hár bir dáwirde sol tariyxıy dáwirdiń jaǵdayına qarap ózinshe jol menen jasaydı, bayıydı, rawajlanadı. XX ásirge shekemgi xalıq qosıqların izertlegen miynetlerde kórsetilgen janrlar sovet húkimeti jılları ishinde kem rawajlanadı, yaki bolmasa rawajlanbay qaladı. Mısalı, diniy dástúrlerdi úyretiwshi folklor sovet húkimeti jılları rawajlanbay qaldı. Sovet húkimeti jılları ishinde baspa sózdiń, radio, televideniye, kitap shıǵarıw sanaatınıń rawajlanıwı menen xalıq tvorchestvosı awızeki taralıwdan góre kitap arqalı, radio arqalı taralıw jaǵdayına ótti. Buǵan qosımsha xalıq teatrları, mádeniy

úyler, xalıq talantlarınıń festivallar, hár túrli jarıslar, konkurslar xalıq qosıqlarınıń rawajlanıwına jaǵday tuwdırdı, biraq onıń taralıw, dóreliw, jasaw jaǵdayı ózgerdi.

Xalıqtıń milliy qosıqlarında shıǵarmalarǵa adamlardıń, onı qorshaǵan bolmısqa, adamlardıń is-háreketlerine, tábiyat hám jamiyetlik turmıs hádiyselerine kózqarası, qatnasın ulıwmalastırıw qásiyetine iye. Muzika estetikalıq mádeniyattıń ósiwine, bayıwına, kóteriliwine tásir kórsetedi. Muzika insan xarakterine "gózzallıq nızam-qaǵıydaları" na baylanıslı bayanlanılıp, ishki sezimlerimiz hám pikirlerimizdi, mádeniyatimızdı joqarıǵa kóteredi. Milliy qosıqlar insannıń turmıstı, ómirdi estetik ańlawına, tanıwına, eristirip onı túsindiredi hám rawajlandıradı. Sonday tez tásir etiwshi, kewilli, joqarı hawazlı muzikalar, qosıqlar adam yadında tez saqlanıp qalınadı hám uzaq waqıt qaytalanıp júriledi hám uzaq jasaydı. Qaraqalpaq milliy qosıqların úyreniw dawamında sonı anıq bilip aldıq, yaǵniy, milliy qosıqlar jas-áwladtı tárbiyalawdaǵı ornı ayrıqsha. Sebebi milliy qosıqlar bala tuwılǵanınan baslap ana "Háyyiw"i arqalı er jetip kiyatırǵan jas áwlad ruhına sińdiriledi. Mine, usılardı tıńlap ósken jaslar tárbiyasında milliy koloritlik sezim payda bolıp, watanǵa sadıqlıq sezimleri menen er jetedi.

Biz milliy qosıqlardı úyreniw dawamında folklordıń ornı ayrıqsha ekenligin atap óttik. Sebebi folklorda xalıqtıń milliy ruwxı sińgen. Ondaǵı jıynap alınǵan milliy qosıqlar xalıq tárepinen atqarılǵan hám keleshek áwladqa jetip kelgen.

**Ádebiyatlar:**

1. Мирзиёев Ш.М. «Эркин ва фаровон, демократик Ўзбекистон давлатини мард ва олижаноб халқимиз билан бирга қурамиз» мавзусидаги Ўзбекистон Республикаси Президенти лавозимига киришиш тантанали маросимга бағишланган Олий Мажлис палаталарининг қўшма мажлисидаги нутқи – Т: «Ўзбекистон» 2016.

2. Айымбетов Қ «Халық даналығы», «Қарақалпақстан», Баспасы Нөкис 1988.

3. Алеуов У. Қарақалпақстанда тáлим-тáрбиялиқ ойлардың қáлиплесиўи ҳáм раўажланыўы.- Нөкис: Билим, 1993. – 503 б. 20. Алеуов У. «Музыка ҳáм эстетикалық тáрбия». Вестник Каракалпакского отделения АН Респ. Узб. Нукус. 2005.

4. Алеуов У. Музыкалық эстетикалық мазмуны. // Материал РНТК «Роль Амир Тимура в истории культуры центральной Азий» Нукус, КГУ. 2006. – 20-28 б.

5. Алеуов У. Музыкалық тáрбияның тарийхый дереклери // Материал РНТК «Роль Амир Тимура в истории культуры центральной Азий» Нукус, КГУ. 2006.

**РЕЗЮМЕ**

Bul ilimiy maqalada Qaraqalpaq milliy qosıqlarınıń izertleniwi hám rawajlanıw baǵdarları, Qaraqalpaq xalıq namalarınıń analizi haqqında sóz etilgen.

**РЕЗЮМЕ**

В данной научной статье описываются направления исследования и развития каракалпакской народной песни, анализ каракалпакской народной музыки.

**SUMMARY**

This scientific article describes the research and development direction of Karakalpak folk songs, the analysis of Karakalpak folk music.